

Referans :

Oriza, J., & Paul, B. (2014). Rôle des femmes entrepreneures dans le renforcement de l'économie sociale et solidaire en Haïti. *Haïti Perspectives*, 3(3), 23-26.

Mo kle :

Fanm; kapital sosyal; mikwofinans; koperativ; agrikilti; komès

Sentèz

1/ Objektif tèks la

Tèks la vle montre fanm ayisyèn yo gen yon vizyon (solidarite) ak yon enpòtans nan ekonomi sosyal e solidè a ki fè nou ta dwe mize sou yo pou sektè sa a ka devlope pi plis toujou.

2/ Metodoloji

Monografi

Ranmase/Analiz apati lòt rechèch

Ankèt kalitatif

Ankèt kantitatif

3/ Moun/Zòn etid la touche

Ayiti

4/ Rezilta ki pi enteresan

Anvan otè yo antre nan nannan diskisyon an, yo raple kontèks ekonomi sosyal e solidè a ann Ayiti. Fòm ou plis jwenn Ayiti yo se koperativ, mityèl ak asosyasyon yo. Otè yo rekonèt kontribisyon fanm yo enpòtan nan ekonomi an, men yo rete pridan parapò ak diskou womantik kòmkiwa yo se "poto mitan" oswa "ewoyin" nan. Yo raple fanm yo plis travay (fè komès) nan enfòmèl e sa yo pote nan ekonomi an, malgre enpòtans li, soti envizib oswa maske, akòz blokaj ki gen pou yo nan sosyete a. Poutan, nan yon moman kote, sitou apre tranblemanntè 12 janvyè 2010 la, leta ak lòt aktè bouke chèche solisyon dirab ki ka kwape povrete, ekonomi sosyal e solidè a parèt kòm yon bon kandida ki chaje potansyèl pou Ayiti. Dayè, aktè yo sèvi ak demach sa a pou chèche konble twou vid leta kite kote li absan yo. Otè yo eseye montre si nou ta chwazi devlope sektè sa a plis toujou, mize sou fanm yo se t ap yon bon estrateji paske se gras ak yo ekonomi sila a kenbe kò l toujou. Pou yo montre sa, yo analize plas fanm nan fòm òganizasyon ki sandout pi popilè nan sektè sa a: koperativ yo (ki, tipikman, kapab koperativ mikwofinans oswa koperativ agrikòl). Nan mikwofinans lan, fanm yo domine. Nan agrikilti a, yo ka parèt mwens prezan men yo jwe yon gwo wòl kanmèm.

- Pou mikwofinans lan, otè yo esplikè yonn nan estrateji ki mache byen Ayiti pou prete moun ki pa gen gwo mwayen yo kòb, se fè yo prete kòb la an gwoup 5-10 moun (kredi solidè) kote chak moun se garanti lòt moun yo. Se sitou fanm ki konn fòme gwoup say o, e se youn nan estrateji ki te pèmèt mikwofinans lan devlope konsa Ayiti. Menm si jounen jodi a, kredi endividyèl la gen tandans depase kredi an gwoup sa yo, fanm yo toujou pi gwo kliyantèl mikwokredi yo (yo plis pase 74% pami moun ki prete lajan yo an 2011, e plis pase 50% nan pòtfèy kredi a se yo li t al jwenn).
- Ann Ayiti, fanm yo pa twò patisipe nan fè jaden, men yo aktif anpil nan komès anndan sektè agrikòl la: vann entran se yo, vann pwodui rekòt yo se yo (sitou madan sara yo). 40% kay an pwovens se fanm k ap dirije yo. Yo aktif nan prèske tout filyè pwodiksyon. Men tou, kòm yo aktif anpil nan mikwofinans lan, sa rive se atravè yo menm kapital la soti nan mikwofinans pou l al jwenn sektè agrikòl la (espesyalman koperativ agrikòl yo).
- Malerezman, fanm yo manke jwenn ankadreman pou devlope biznis yo. Mikwofinans Ayiti plis baze sou prete lajan sèlman, li pa prèske bay èd pou moun vin pi maton nan biznis. Poudayè, se sanse moun ki gen biznis deja yo finanse sèlman. E kòm dapre otè yo medam yo pa twò ka konte sou mouvman feminis ayisyen an pou ede yo grandi nan fè biznis, li vin enpòtan anpil pou gen inisyativ ki deplòtonnen pou ede medam yo byen esplwate kapital sosyal sa a yo gen deja a granmesi esperyans yo ak rezo kontak yo.

5/ Kòmantè

Atik sa a byen montre poukisa inisyativ ki vize devlope ekonomi sosyal e solidè Ayiti yo ta dwe santre sou medam yo, etandone enpòtans istorik, ekonomik epi sosyal yo (sou baz eksperyans yo ak relasyon yo) nan sektè sila a. Men atik la petèt bliye souliyen, malgre se fanm yo ki jwenn plis kòb e malgre se yo ki pi plis pami moun yo prete kòb yo, sa pa di si pi gwo kredi yo se nan men medam yo yo ale. Men kanmèm, atik la bay yon bon oryantasyon pou tout inisyativ ki ta vle bouste sektè mikwofinans lan ak koperativ agrikòl yo ann Ayiti.